



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 100 MILYON DOLA DISPONIB POU SIPÒTE PLIS
ITILIZASYON VEYIKIL TRANSPÒ ZEWÒ EMISYON YO**

*Finansman disponib pou founisè transpò ki pa MTA yo pou fè avanse tranzisyon
nan flòt zewo emisyon yo*

***Y ap aksepte aplikasyon yo jiska 4 avril 2025;
[Aprann plis epi aplike pou finansman isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 100 milyon dola nan finansman eta a disponib pou ede founisè transpò piblik yo elaji itilizasyon veyikil zewo emisyon yo. Yo bay finansman atravè Pwogram Tranzisyon nan Transpò Zewo Emisyon (Zero-Emission Transit Transition Program, ZETT) Eta a epi li sipòte ajenda prensipal Gouvènè a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo epi atenn objektif Lwa istorik 2019 sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Yo ankouraje otorite transpò piblik ki pa MTA yo pou aplike pou finansman pou sipòte akizisyon veyikil transpò zewo emisyon, konstriksyon enstalasyon ak enfrastrikti sèvis piblik pou chaje ak fè gaz, epi planifikasyon ak faz konsepsyon ki nesèsè pou pwojè kapital zewo emisyon. [Y ap aksepte aplikasyon yo jiska 4 avril 2025.](#)

"Transpò se yon aspè enpòtan nan batay nou kont chanjman klimatik e nou dwe eksplore tout fason pou redwi emisyon a efè sè ki soti nan sektè vital sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ankouraje ajans transpò piblik yo pou yo enkòpore plis veyikil zewo emisyon nan flòt yo, sa ki pral mennen nan yon lè pi pwòp nan katye nou yo epi ede nou evite enpak chanjman klimatik yo."

Nan kad pwogram ZETT la, gen finansman disponib pou pwojè ki sipòte tranzisyon nan solisyon transpò zewo emisyon, tankou:

- Devlopman yon Plan Tranzisyon Flòt Zewo Emisyon ak lòt aktivite planifikasyon ak konsepsyon konseptyèl.
- Akizisyon flòt otobis transpò piblik yo ki gen sistèm pwopilsyon zewo emisyon (idwojèn-elektrik ak batri-elektrik).

- Konstriksyon nouvo enstalasyon transpò piblik oswa amelyorasyon enstalasyon ki egziste deja nan objektif operasyon transpò piblik yo pou loje ak kenbe flòt zewo emisyon.
- Konstriksyon enfrastrikti sèvis piblik ak ekipman pou konekte enstalasyon transpò piblik yo ak rezo kouran/gaz zewo emisyon.

Sistèm transpò ki elijib yo enkli Otorite Transpò Distri Kapital (Capital District Transportation Authority, CDTA), Otorite Transpò Rejyonal Sant Nouyòk (Central New York Regional Transportation Authority, CNYRTA/Centro), Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) ak Otorite Transpò Rejyonal Rochester Genesee (Rochester Genesee Regional Transportation Authority, RGRTA/RTS). Antite sa yo ka aplike pou jiska 17.5 milyon dola epi yo oblije bay yon minimòm 10 pousan kontribisyon ki pa soti nan eta a pou depans pwojè a.

Konte yo, minisipalite lokal yo ak lòt antite k ap resevwa oswa ki elijib pou resevwa Asistans Operasyon Transpò an Mas nan tout Eta Nouyòk (Statewide Mass Transportation Operating Assistance, STOA) kapab aplike tou pou jiska 5 milyon dola, epi yo oblije bay yon minimòm 10 pousan kontribisyon ki pa soti nan eta a pou depans pwojè a (eksepte lòt sous eta a). Demann sibvansyon minimòm nan pwogram sa a se 500,000 dola pou aplikan ki elijib nan nenpòt kategori. Delè pou aplikasyon yo se 4 avril 2025. [W ap jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb Depatman Transpò a.](#)

Komisè Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez te deklare, "Pandan n ap travay pou konbat chanjman klimatik epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo, nou dwe travay pou redwi emisyon gaz a efè sè yo nan transpò, enkli transpò piblik. Pwogram Tranzisyon nan Transpò Zewo Emisyon an pral ranfòse efò nou pou redwi emisyon kabòn nan ede ajans transpò lokal yo ranpli flòt yo ak veyikil ki bon pou klima. Sa a se yon gwo opòtinite pou kominote atravè Nouyòk yo envesti nan transpò piblik zewo emisyon epi mwen ankouraje tout ajans ak antite ki elijib pou yo aplike."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo! Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)